



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 115.000 POZIYON TRAVAY KI DISPONIB SOU JOBS EXPRESS**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gen plis pase 115,000 nouvo djòb ki disponib, yon nouvo rekò elve, kounye a afiche sou sit entènèt Jobs Express nan ([www.jobs.ny.gov](http://www.jobs.ny.gov)). Sit la klase plizyè milye djòb pa rejyon ak metye, epitou pèmèt itilizatè yo chèche travay apati kòd postal ak distans pou vwayaje. Genyen tou yon sitwèb acha yonsèl-arè ki bay enfòmasyon ak resous pou Jobs Express nan <https://www.ny.gov/services/find-job>.

“Sit entènèt Jobs Express la ap konekte Nouyòkè yo avèk vrè djòb yo, e ansanm avèk ekonomi nou an kap grandi, plis ak plis biznis ap chèche epi anboche travayè ki kalifye,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen ankouraje tout moun kap chèche yon travay pou tcheke sou Jobs Express epi eksplòre yon varyete opsyon travay toupatou nan New York.”

Nouvo rekò elve sa nan travay se yon endikatè nan yon ekonomi amelyore, ansanm avèk yon endikatè biznis yo ki gen siksè nan itilize sit la. Nan mas 2015, travay nan sektè prive nan Eta New York te gen yon dekont ogmantasyon pa 8,600 a 7.75 milyon, atenn yon nouvo rekò elve pou toutan.

Nouvo biznis yo ak lis djòb yo te ajoute nan sit Jobs Express chak jou.

Komisyone Travay pa entèrim Mario J. Musolino te deklare, “Depatman Travay Eta New York te gen fyète nan wòl li nan konekte moun kap chèche travay avèk biznis. Jobs Express se youn nan fason Depatman ap kontinye fè sa -- gratis -- pou biznis ansanm avèk moun kap chèche travay yo. Avèk anpil pozisyon ki ouvè ki afiche kounye a nan baz done a, pa gen rezon pou moun kap chèche travay yo pa kòmanse avèk Depatman Travay la.”

<b>Djòb Disponib ki Liste sou Jobs Express</b> (Nan dat 17/4/15)	
<b>Rejyon</b>	<b># Pozisyon</b>

Capital Region	10,383
Rejyon Sant NY	6,066
Finger Lakes	9,758
Hudson Valley	12,504
Long Island	13,302
Mohawk Valley	2,820
Vil New York	45,035
North Country	2,364
Southern Tier	4,235
Rejyon Lwès NY	9,175
<b>Total pou Eta a</b>	<b>115,642</b>

Moun kap chèche djòb ka jwenn Career Center ki pi pre yo a sou [www.labor.ny.gov/career-center-locator](http://www.labor.ny.gov/career-center-locator).

Biznisyo ki enterese nan afiche djòb yo dwe vizite: [www.labor.ny.gov/hire](http://www.labor.ny.gov/hire).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418